

# Metè jande bagay sa yo nan bwat poubèl mawon w lan.



sanitation

**Rès Manje pou Jete** fwi, legim, vyann, zo, pwodui letye, manje prepare



**Pwodui Papyè ki sal ak manje** napkin, sachè te, asyèt, filt pou kafe



**Fèy + Fatra ki nan lakou** plant, fèy, ti bout bwa, zèb



No

**Metal, Vè, Plastik, Katon Pwodui Papyè Pwòp + Katon**

**Fatra:** Eskreman bèt, dechè medikal, kouchèt, pwodui ijyenik ak pwodui ki fèt ak estaywofòm

Ale nan [nyc.gov/organics](https://nyc.gov/organics) pou Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ) epi pou wè videyo yo.

## Kòlèk Dechè Òganik sou Twotwa a



Separasyon dechè òganik yo — rès manje pou jete ak fatra nan lakou — ede anviwònman nou an.

## Piga mete res manje pou jete ak fatra lakou yo nan fatra nòminal.



Depatman Sanitè Vil New York (NYC Department of Sanitation, DSNY) kolekte rès manje pou jete ak fatra nan lakou yo pou konvèti yo an konpòs. Konpòs kreye sòl sen, ki nourri plant yo. N ap konvèti tou rès manje pou jete yo an enèji renouvlab, pwòp.

Metsouli, n ap pataje zòt! DSNY bay konpòs gratis nan evènman Street Tree Care ak Giveback yo. Ale nan [nyc.gov/getcompost](https://nyc.gov/getcompost).

## Men kijan ou ka patisipe nan pwogram lan.

### Ti Bilding Rezidansyèl

DSNY bay rezidan New York yo ki abite nan ti bilding rezidansyèl (nan kay pou yon fanmi jiska nèf apatman) yon bwat pou bèl mawon gratis ak yon bwat pou bèl pou kizin.

### Gwo Bilding ak Blòk Komèsyal

Èske ou abite nan yon bilding ki gen 10 oswa plis apatman oswa toutolon yon blòk komèsyal? Bilding kote w rete a ka jwenn bwat pou bèl mawon gratis ak sèvis ranmasaj dechè òganik, tou! Mande manadjè bilding ou an pou l enskri nan [nyc.gov/organics](https://nyc.gov/organics) oswa rele **311**.

### Sit pou Depoze Rès Manje pou Jete yo

Si bilding kote w ye aparesevwa sèvis ranmasaj dechè òganik sou twotwa, ou ka pote rès manje pou jete yo nan sit pou depoze yo a nan toulesenk minisipalite yo. Ale nan [nyc.gov/organics](https://nyc.gov/organics) oswa rele **311** pou anplasan ak tip de rès manje pou jete yo aksepte yo.

## Twa etap byen senp!

### 1 Mete rès manje pou jete yo, papye ki sal ak manje ak plant nan nenpòt pou bèl oswa sache nan kay ou.



- Mete nenpòt sache anndan pou bèl ou a.
- Netwaye pou bèl yo depi sa nesesè. Pou bèl DSNY bay pou kizin lan ka ale nan machin pou lave veso yo.
- Ale nan [nyc.gov/organics](https://nyc.gov/organics) pou jwenn plis konsèy.

### 2 Vide dechè òganik yo nan bwat pou bèl mawon w lan.



- Mete yon sache klè andedan bwat pou bèl mawon w lan.
- Fèmen epi take bwat pou bèl ou a apre w fin sèvi ak li.
- Netwaye bwat pou bèl ou a regilyèman.
- Pou bèl pou kizin lan fèt pou rete andedan kay sèlman. Piga mete l deyò pou ranmasaj.

### 3 Mete bwat pou bèl mawon w lan sou twotwa a anvan lè ranmasaj la.



- Mete fèy ak fatra ki nan lakou yo nan sache papye oswa nan bwat pou bèl ki pa double. Ti kantite san pwoblèm pou pou bèl mawon.
- Mare ti bout bwa yo ansanm avèk yon fisèl. **Brooklyn & Queens:** Akòz karantin ensèk lonjikon azyatik la, nou pap kolekte branch long yo. Avize Depatman Pak Piblik la oswa rele 311 pou jete yo.
- Verifye orè pou ranmasaj ou a nan [on.nyc.gov/collectionday](https://on.nyc.gov/collectionday).